Mazano Pakudzidza Mumwe Mutauro

1 ZIVA CHINANGWA CHAKO

Unoda kudzidza mutauro upi?

Nei uchida kuudzidza?

"Nyora zvikonzero zvauri kudzidzira mutauro wacho, uye zviverenge pese paunonzwa sekuti wava kuda kuregera kudzidza."—Serina.

Mutauro:

Zvikonzero:

2 TSVAGA VANOKUBATSIRA

"Pandaidzidza chiSpanish, panewo vanhu vaichidzidzirawo. Saka taibatsirana uye taikurudzirana. Ndaivabvunza kana vainewo zvavari kusanangana nazvo zviri kuvaomera uye kuti vari kuzvikunda sei."—Helena.

Nyora mazita evanhu vaunogona kuzobvunza kana waomerwa.



"Kuti utobata mutauro unofanira kutoshanda nesimba."—Christopher.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania



3 USAORA MWOYO

"Nhasi unogona kunzwa sekuti wava shasha chaiyo, asi mangwana unenge wavakunzwa sekuti hapana chauri kugona!" —Vivian.

Zvipe ma*targets* madiki ari nyore kusvitsa uye achakubatsira kuti usaora mwoyo.

"Usaora mwoyo kana vamwe vachikurumidza kubata kukupfuura. Vanhu havafanani."—Thomas.

4 DZIDZIRA MAZUVA ESE

"Kana ukashanda nesimba, uchakurumidza kubata. Asiwo kana ukangoita zvemasiyandaita, kubata mutauro wacho kuchatora nguva."—Danielle.

Nyora kuti zuva rimwe nerimwe uchada kudzidza mutauro iwoyo kwenguva yakareba sei.

Muvhuro	Chipiri	Chitatu	China	Chishanu	Mugovera	Svondo

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

5 JAIRANA NETSIKA DZACHO



Zvii zvaungaita kuti ujairane netsika dzevanhu vemutauro wauri kuda kudzidza?

"Ndinoedza kudzidza nezvevanhu vanotaura mutauro wandiri kuda kudzidza. Ndinotarisa maitiro avanoita zvinhu zvavo, ndinomboedza kudya chikafu cheko uye kuteerera nziyo dzeko. Kudzidza mutauro haisi nyaya yekungoziva kuti chakati chinonzi chii!" —Alexis.

6 SHANYA KUNYIKA YACHO

"Takamboenda kuChile tikagarako kwemwedzi 8 uye takakurumidza kubata chiSpanish nekuti taichinzwa chichitaurwa mazuva ese."—Natasha.

Kala nzvimbo yaunoda kuzoshanyira.

Ndekupi kwaungaenda kune vanhu vanotaura mutauro wauri kuda kudzidzidzira?

"Iva nenguva yekuverenga mabhuku emutauro wacho, yekudzidzira kuunyora, kuutaura uye kuteerera nziyo dzeko. Kuti uzonyatsotsetsenura mutauro wacho, unofanira kuita zvese izvi."—Allison.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania